**दिन– शनिवार** **दिनांक–12.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे रोजगार मेला युवा लोकनि के सशक्त बनेबा आ विकसित भारतक निर्माण मे हुनक सक्रिय सहयोग लेबाक सरकारक प्रतिबद्धता के दर्शऽबैत अछि। ओ कहलनि जे आइ विश्व मानैत अछि जे भारतक दू असीम शक्ति अछि। एक ओकर जनसांख्यिकी आ दोसर ओकर लोकतंत्र। प्रधानमंत्री आइ वीडियों कॉन्फ्रेंसिंग के माध्यमे विभिन्न सरकारी विभाग मे एकावन हजार सँ बेसी युवा सभ के नियुक्ति पत्र वितरित करबाक बाद रोजगार मेला के संबोधित कऽ रहल छलाह। नवनियुक्त कर्मी सभ के बधाई दैत श्री मोदी कहलनि जे सरकारक रोजगार मेला पहल सँ लाखों युवा केन्द्र सरकार मे स्थायी नौकरी प्राप्त कयलाह अछि। प्रधानमंत्री देश मे विकसित भऽ रहल स्टार्टअप, नवाचार आ अनुसंधानक बढ़ैत इकोसिस्टमक सेहो चर्चा कयलनि जे देशक युवा सभक क्षमता के बढ़ा रहल अछि। निजी क्षेत्र मे रोजगारक नव अवसर जुटेबा पर चर्चा करैत प्रधानमंत्री जनौलनि जे हालहि मे रोजगार सँ जुड़ल प्रोत्साहन योजना के स्वीकृति देल गेल। ओ जनौलनि जे एहि प्रयास के लेल सरकार लगभग एक लाख करोड़ टाका आवंटित कयलनि अछि आ एहि सँ साढे तीन करोड़ रोजगार सृजित करबा मे मददि भेटत।

---

पटना मे आयोजित रोजगार मेला मे केन्द्रीय मंत्री सतीशचन्द्र दुबे एक सय नओ चयनित अभ्यर्थी सभक मध्य नियुक्ति पत्रक वितरण कयलनि। एम्हर, समस्तीपुर मे आयोजित रोजगार मेला मे केन्द्रीय मंत्री रामनाथ ठाकुर एकहत्तरि अभ्यर्थी के मध्य नियुक्ति पत्रक वितरण कयलनि। ओ कहलनि जे सरकार युवा सभ के नौकरी आ रोजगार उपलब्ध करेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। रोजगार मेलाक माध्यम सँ एखन धरि दस लाख सँ बेसी नियुक्ति पत्र जारी कयल गेल अछि।

---

विमान दुर्घटना जांच ब्यूरो अहमदाबाद विमान हादसाक प्रारंभिक रिपोर्ट सौंपि देलक अछि। पन्द्रह पन्नाक एहि रिपोर्टक अनुसार विमानक ईंधन स्विच रन सँ कटऑफ मे बदलबाक कारणे ई दुर्घटना भेल छल। एहि दुर्घटना मे दू सय साठि लोकनिक मृत्यु भऽ गेल छल। एहि मध्य नागर विमानन मंत्री राममोहन नायडू आग्रह करैत कहलनि अछि जे ई रिपोर्ट प्रारंभिक निष्कर्ष पर आधारित अछि। तैं अंतिम रिपोर्ट जारी हेबा धरि कोनो निष्कर्ष पर नहि पहुंचथि।

———————————————————————————

प्रदेश मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षणक काज सुचारू रूपें जारी अछि। निवार्चन आयोगक अनुसार एखन धरि पाँच करोड़ सत्तासी लाख सँ बेसी मतदाता सभक गणना फार्म एकत्र कयल गेल अछि। ई संख्या कुल मतदाताक चौहत्तरि दशमलव तीन नओ प्रतिशत अछि। चारि मे सँ तीन मतदाता सभ अपन प्रपत्र जमा कऽ देलनि अछि। गणना फार्म जमा करबा मे एखन तेरह दिन शेष अछि। एहि मध्य आयोग जनौलक जे मतदाता विशेष गहन पुनरीक्षण प्रक्रिया अभियानक दोसर चरण मे बूथ लेवल अधिकारी—बीएलओ मतदाता सभ सँ गणनाक फार्म एकत्र करबाक लेल बीस जुलाई सँ फेर घर—घर जयताह। एम्हर, गणना प्रपत्र जमा करबाक लेल आइ सँ सभ मतदान केन्द्र पर दू दिवसीय विशेष शिविरक आयोजन कयल गेल अछि।

———————————————————————————

बिहार विधानसभा चुनाव के लऽकऽ महागठबंधनक घटक दलक बैसक आइ पटना मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव के आवास पर भेल। प्राप्त जनतबक अनुसार बैसक मे सीटक बंटवारा के लऽकऽ मुख्य रूप सँ चर्चा कयल गेल। बैसक मे राजद सँ तेजस्वी प्रसाद यादव, अब्दुल बारी सिद्दिकी, कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम, बिहार कांग्रेस प्रभारी कृष्णा अल्लावरू, वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी आ वाम दलक नेता सम्मिलित छलाह।

———————————————————————————

राज्य मे मानसून पूरा तरहें कमजोर पड़ि गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान मौसम पूरा तरहें शुष्क बनल रहल। मौसम पूर्वानुमान मे राज्यक पश्चिमी आ दक्षिण मध्य भाग मे तेज हवाक संग हल्का वर्षाक संभावना जनाओल गेल अछि। मौसम विभागक अनुसार

अगिला पाँच दिन धरि राज्यक अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक मधवापुर थाना क्षेत्रक पिरोखर मीना बाजार लऽग डायल–एक सय बारह वाहनक चपेट मे अयबा सँ मोटरसाईकिल सवार दू युवकक मृत्यु भऽ गेल। पुलिस अधीक्षक एहि मामिला मे सहायक अवर निरीक्षक चन्द्र मोहन सिंह आ वाहन चालक चन्द्रदीप शास्त्री के निलंबित कऽ देलनि अछि। हिनका दुनू पर प्राथमिकी सेहो दर्ज करोओल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।